Pou Piblikasyon Imedya: 23/01/2017 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE $70 MILYON POU DEZYÈM FAZ REVITALIZASYON SAN PRESEDAN ESPAS FWAR ETA NEW YORK LA

$50 Milyon pou Konstwi Sant Ekspozisyon A Milti Izaj (Multi-use Exposition Center) ak Gondòl Ayeryen (Aerial Gondola) pou Vizitè k ap Vwayaje soti nan Espas Fwar la pou ale nan anfiteyat Lakeview Amphitheater a

Envestisman $20 Milyon Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a (Upstate Revitalization Initiative) pou Nouvo Bretèl Aksè sou I-690 Lwès ak Amenajman nan pakin Orange Lot lan

Gouvènè a Apwouve Rekòmandasyon Inite Operasyonèl Fwar Eta a (State Fair Task Force) pou Pwolonje Fwar la vin 13 jou

Patnè Midway a, Wade Shows Inc. pral Devwale Nouvo Aerial Sky Ride la (Atraksyon Ayeryen) ak Kat Gwo Nouvo Evènman yo te Ajoute sou Kalandriye ki pa gen rapò ak Fwar la pou ane 2017 la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Dezyèm Faz rekonsepsyon ak transfòmasyon istorik Espas Fwar Eta New York la (New York State Fairgrounds) epi li te apwouve rekòmandasyon Inite Operasyonèl Fwar Eta a pou pwolonje fwar la rive 13 jou an 2017. Dezyèm Faz pwogram kapital la gen pou l devlope fwar la pou l vin yon destinasyon pandan tout ane a ki gen ladan l $50 milyon pou devlope yon Sant Ekspozisyon milti izaj ki mezire 80,000 pye kare ak yon Gondòl Ayeryen pou konekte vizitè yo ki vini nan espas fwar la ak afiteyat Lakeview Amphitheather Konte Onondaga a. Anplis de sa a, yon envestisman $20 milyon ki soti nan Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a pral pèmèt konstriksyon yon nouvo bretèl aksè sou I-690 Lwès ak lòt amenajman nan espas pakin Orange lan, pandan lòt amenajman yo pral gen ladan konstriksyon yon nouvo Aerial Sky Ride epi y ap ofri nouvo evènman divès pou atire vizitè yo pandan tout ane a.

Gouvènè Cuomo te di, “Lè nou reyimajine tradisyon istorik anpil moun renmen nan New York yo, premye faz revitalizasyon nou an te deja transfòme eksperyans fwar Eta New York la, lè l ranfòse yon destinasyon prime pou touris nan Santral New York epi

jenere patisipasyon ki bat rekò an 2016. Mwen atann pou m kontinye elan Fwar Eta a te pran ak Dezyèm Faz la ak envestisman adisyonèl $70 milyon an pou fin akonpli l. Mwen remèsye manm Inite Operasyonèl la yo pou travay rapid ak rekòmandasyon entèlijan yo te fè pou pwochèn faz sa a. Nouvo Fwar Eta a pral pote gran jan espektak, atizan, konsè, ak pwodwi alimantè ak bwason lokal pou vizitè k ap soti atravè eta a ak tout peyi a pandan tout ane a pou anpil jenerasyon k ap vini ankò."

An Novanm 2016, Gouvènè Cuomo te nonme yon Inite Operasyonèl Fwar Eta "Faz De" ki gen 21 fonksyonè lokal ak lidè endistri yo, ki gen pou Koprezidan, Komisè Agrikilti ak Mache Eta (State Agriculture and Markets) Richard Ball ak Egzekitif Konte Onondaga Joanie Mahoney. Inite Operasyonèl la te responsab pou l devlope nouvo ide inovatè ki ta ka ajoute sou amelyorasyon ki te fèt nan Premye Faz la yo ki te kòmanse nan Fwar Eta a an 2016 la epi yo te bay Gouvènè a rekòmandasyon yo nan fen ane 2016 la.

Pandan l ap pran ide Inite Operasyonèl Fwar Eta a an tout konsiderasyon, Gouvènè a te pwopoze $50 milyon nan Bidjè Egzekitif li a pou de pwojè kapital transfòmasyonèl ki pral konplemante epi plis agrandi travay yo te fè vanse pandan 2016 yo.

Envestisman Dezyèm Faz la gen ladan yo:

- $35 milyon pou konstwi yon bilding ibrid pou Sant Ekspo milti izaj ki mezire 80,000 pye kare ki pral disponib pandan tout ane a pou evènman lokal, rejyonal ak onivo eta pou sekirize wòl espas fwar la ap jwe kòm yon destinasyon vedèt nan Santral New York. Reprezantasyon grafik Sant Ekspo a ak enfòmasyon adisyonèl disponib isit la.
- $15 milyon pou konstwi yon gondòl ayeryen pou transpòte vizitè ak moun ki pral nan konsè yo soti nan espas fwar la rive nan anfiteyat Lakeview Ampitheater Konte Onondaga ak santye Loop the Lake Trail la, k ap kreye yon eksperyans konplètman nouvèl nan syèl la. Reprezantasyon grafik gondòl Ayeryen an (Aerial Gondola) ak enfòmasyon adisyonèl disponib isit la.
- $20 milyon atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a pou konstwi yon nouvo bretèl aksè sou I-690 Lwès ak lòt amenajman nan espas pakin Orange lan, pou pèmèt moun yo estasyone machin yo pi fasil, vwayaje pi fasil ak mwens blokis pandan fwar anyèl la ak lòt gran evènman k ap fèt pandan ane a yo. Reprezantasyon grafik pakin ak amenajman nan sikilasyon an yo ak enfòmasyon adisyonèl disponib isit la.

Anplis de rekòmandasyon sa yo, fwar anyèl la, ki istorikman te konn dire 12 jou, pral pwolonje rive 13 jou, sa k ap pèmèt plis tan pou vizitè yo jwi de pwodwi alimantè ak bwason, agrikilti, atizay, espektak, konsè ki gen kalib mondyal New York yo, ak plis ankò.

An 2017, fwar la pral ajoute yon nouvo atraksyon vedèt nan Midway a, ki rele Aerial Sky Ride (Atraksyon Ayeryen), ki pral kòmanse apati jou ouvèti fwar la ki se 23 Out. Wade Shows Inc. pral konstwi, fè fonksyone epi mentni Sky Ride la, epi l ap gen omwen 100

chèz pou de pasaje chita, k ap bay moun ki vin nan fwar la yo yon panorama san parèy Syracuse ak zòn ozalantou yo pandan l ap transpòte yo sou tèt Midway elaji espas fwar la. Reprezantasyon grafik Aerial Sky Ride la ak enfòmasyon adisyonèl disponib isit la.

Anpli de sa a, kòm rezilta dirèk envestisman Eta fè yo ak agrandisman fwar la, gen nouvo evènman yo ki deja pran angajman pou yo itilize espas fwar la pou ofri plis divètisman pandan tout ane a. Right Coast Inc., ki se pwomotè PPG Syracuse Nationals la (Ekspozisyon Machin), pral pote twa nouvo evènman nan Espas Fwar Eta New York la an 2017, ki gen ladan l Syracuse SnoCross, Kawasaki Syracuse StadiumCross ak Syracuse Man Show.

Evènman swivan sa yo pral òganize nan Espas Fwar la an 2017:

Syracuse SnoCross: 4 ak 5 Mas

Kourè motonèj pwofesyonèl ak amatè k ap soti toupatou nan Rejyon Nòdès la yo pral fè konpetisyon pou prim kach pandan wikenn 4 - 5 Mas 2017 la, sou pis ki pral pi gwo pis seri sezon kous la yo. Syracuse SnoCross pral yon eskal nan pakou East Coast SnoCross Racing Series la (Seri Kous SnoCross Kot Lès la) epi se pral premye kous snocross ki pral fèt nan Syracuse. Kourè yo ki sou motonèj ki fòtman modifye yo pral fè kous otou yon pis yo konstwi sou mezi ki gen viraj ak so ki ka voye kèk nan kourè yo anlè nan yon distans rive plis pase 80 pye.

Seri a yo atire plis pase 100 kourè ak anpil milye espektatè k ap soti toupatou nan New England ak Canada nan chak eskal. Polaris, Ski-Doo, ak Artic Cat pral gen ekip kourè pwofesyonèl izin yo epi y ap ekspoze dènye avansman jeni ak teknoloji nan motonèj yo. Kourè amatè yo pral gen chans tou pou yo enskri pou kous sou yon pis pwofesyonèl epi teste talan yo. Pou plis enfòmasyon, vizite www.SyracuseSnoCross.com.

Kawasaki Syracuse StadiumCross: 25 ak 26 Mas

Kous motocross alenteryè ki vole byen wo, plen aksyon ki pwovoke adrenalin lan pral kòmanse pou lapremyè fwa tou nan Syracuse. OPE Kawasaki Syracuse StadiumCross pral fèt nan wikenn 25 - 26 Mas 2017 la. Kourè yo ak fanatik yo k ap soti toupatou nan Rejyon Nòdès la ak Canada pral konvèje ansanm nan Kolize ki nan Espas Fwar Eta New York la.

Yon pis ki fèt antè ki konstwi sou mezi atè nan Kolize a (Coliseum) pral kouvri plis pase 420 mèt kib pou konstwi bèm, tab ak so ki vole wo yo. Kous yo pral fèt nan kolize a ki gen 3,500 chèz, alòske sant evènman adjasan pral sèvi kòm espas pou kourè yo travay nan motosiklèt yo. Yo atann pou prèske 500 kourè ak anpil milye fanatik kous ap patisipe nan evènman sa a k ap dire tout wikenn lan an. Pou Plis Enfòmasyon, vizite www.SyracuseStadiumCross.com.

Syracuse Man Show: 7 ak 8 Avril

Nouvo evènman sa a pral fèt nan Bilding Òtikiliti a (Horticulture Building) nan espas fwar la pandan wikenn 7 ak 8 Avril 2017 la. Machann yo pral prezante ak vann atik pou chas, gòlf, lapèch, divèstisman adomisil, machin, kamyon, motosiklèt, motonèj, ATV (moto kat wou), eski, je videyo, byè atizanal, zoutiy amotè, ak plis ankò.

Evènman an pral prezante pou yon tounwa beanbag toss (lans boul a gren), mizik andirèk, kous dèbi bwapen adilt pou benefisye yon òganis byenfezans lokal, ak chanpyona laponyèt. Pri prezans ak konpetisyon pral fèt tou pandan evènman vandredi swa ak samdi swa. Pou plis enfòmasyon, vizite www.SyracuseManShow.com.

Chinese Lantern Festival (Festival Lantèn Chinwa): 14 Avril - 25 Jen

Advance Media New York pral kòmanse Festival Lantèn Chinwa Eta New York la (New York State Chinese Lantern Festival) soti vandredi 14 Avril rive dimanch 25 Jen. Evènman pral prezante yon festival ki plen limyè, koulè ak kilti chinwa epi y ap atann jiska 80,000 patisipan. Patisipan yo pral swiv yon santye ki eklere ak anpil milye lantèn inik ki fèt an papye nan fòm animal, flè ak senbòl chinwa yo.

Sou tout longè santye evènman an, ki pral sitiye nan seksyon Eksperyans New York (New York Experience) yo fenk agrandi nan espas fwar la, moun k ap vini nan evènman yo pral rankontre ak dansè, akrobat, chanjè vizaj, mizisyen ak chantè chinwa yo. Pral gen demonstrasyon atizay tradisyonèl chinwa tankou tisaj palm, dragon ki fèt ak sik yo ka manje ak tablo yo pentire non vizitè yo an chinwa, epi ap gen pwodwi alimantè ak bwason disponib. Tianyu Arts & Culture ki soti Zigong, an Chin, te mete festival la sou pye, se yo ki responsab pwodiksyon cho lantèn yo fè an Azi, Ewòp, Ostrali ak Etazini yo.

Egzekitif Konte Onondaga Joanne Mahoney te di, “Angajman Gouvènè a pran ak envestisman $70 milyon adisyonèl sa a nan Fwar Eta New York la pral asire tradisyon ak siksè destinasyon vedèt familyal nan Santral New York sa a kontinye pou anpil jenerasyon ankò. Avèk amenajman sa yo, Konte Onondaga atann pou akeyi menm plis vizitè ankò vini nan Santral New York, plis pase jamè.”

Komisè Agrikilti Eta ak Koprezidan Inite Operasyonèl Fwar Eta a Richard A. Ball te di, “Vizyon Gouvènè a pou kontinye revitalizasyon Espas Fwar Eta New York la inovatè epi li pote anpil kontantman. Avèk èd Inite Operasyonèl la, nou te kapab idantifye plizyè pwojè ki pral amelyore eksperyans vizitè yo anpil epi atire nouvo opòtinite pou espas la pandan tout ane a, ki gen ladan l izaj pou agrikilti, ki pral ranfòse touris epi estimile ekonomi nan Santral New York la.”

Komisè Biwo Sèvis Jeneral la (Office of General Services, OGS) RoAnn Destito te di, “Aprè siskè premye faz pwojè a, OGS prepare yon lòt fwa ankò pou fè patenarya ak Fwar Eta a pandan n ap travay anvè vizyon Gouvènè Cuomo genyen pou kreye yon nouvo eksperyans fwar ki pote anpil kontantman pou vizitè k ap soti toupatou nan mond lan yo.”

Direktè Pwovizwa Fwar Eta a, Troy Waffner te di, “Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Gwo Fwar Eta New York la atenn nouvo somè kòm yon atraksyon divètisman ak yon motè devlopman ekonomik. Nouvo amenajman sa yo pral mete fwar la ak espas fwar la nan yon nivo prèske okenn lòt nan peyi a pa ka konpare. Nou vrèman kontan anpil pou avni l epi nou ap planifye nan yon manyè aktif fason pou nou itilize nouvo resous sa yo nan avantaj maksimòm yo.”

Right Coast, Inc., ki se Pwomotè Evènman SnoCross, StadiumCross, ak Man Show a, Rob O’Conner te di, “Transfòmasyon Espas Fwar Governor Cuomo ap fè a ofri nou pi plis opòtinite pou pote evènman eksitan nan Santral New York. Nou pa ka tann pou nou fè evènman sa yo vin tounen evènman anyèl ki pote jwa pou moun yo epi ede devlope biznis nou yo ansanm ak ekonomi rejyon an.”

Vis Prezidan Piblisite Syracuse Media Group la, Annette Peters te di, "Festival Lantèn Chinwa te vwayaje toupatou an Ewòp ak Ostrali. Kòmansman l nan Eta New York la se setyèm fwa li vini Etazini. Lefèt ke sa se premye evènman l nan Pak Eksperyans Festival New York la (New York Experience Festival Park) kreye plis kontantman ankò pou evènman kiltirèl ki plen koulè sa a.”

Gran Fwar Eta New York 2016 la te jenere pi gran patisipasyon ak yon kantite vizitè rekò 1,117,630, ki rann li se katriyèm fwar eta ki pi laj nan peyi a. Envestisman resan Eta sot fè nan espas fwar la te atire pi gwo foul nan fwar la pandan tout dire 175 ane istwa li a. Agrandisman 15 kawo Wade Shows Midway a bat rekò nan revni ak kantite atraksyon yo founi, pandan patisipan fwar yo te rasanble nan pwogramasyon mizik ak atis mizik k ap pèfòme nan Fwar la. Nouvo pak Empire RV Park nan espas fwar la te vann tout tikè li yo.

Espas fwar Eta a akeyi plis pase 100 evènman piblik konpayi prive jere chak ane, ki gen ladan plis pase 30 espektak ekès pou chwal, espektak pi gwo komès ak endistri yo tankou espektak New York Farm Show a, festival mizik ak pwodwi alimantè yo, ak anpil espektak pou pwodwi konsomatè yo.

###